दिन–गुरूवार दिनांक–13.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सर्वोच्च न्यायालय के सूचित कयलक अछि जे नीट–यूजी दू हजार चौबीसक एक हजार पाँच सय तिरसठि छात्र लोकनि के एमबीबीए, बीडीए तथा आन पाठ्यक्रम सभ मे नामांकन लेबाक लेल अतिरिक्त अंक देबाक निर्णय निरस्त कऽ देल गेल। न्यायाधीश न्यायमूर्ति विक्रमनाथ आ संदीप मेहता के पीठ के केन्द्र तथा राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी जनौलक जे जाहि विद्यार्थी लोकनि के अतिरिक्त अंक भेटल छल हुनका लऽग तेइस जून के दोबारा परीक्षा देबाक विकल्प रहत। एजेंसी कहलक जे पहिने सँ घोषित कार्यक्रम मे कोनो परिवर्तन नहिं होयत। कियेकि दोबारा होबऽवला परीक्षाक परीणाम तीस जून धरि घोषित कयल जायत। सर्वोच्च न्यायालय आइ एहि बात के पुनः कहलक जे ओ नीट यूजीसी दू हजार चौबीस प्रवेश काउंसलिंग प्रक्रिया पर रोक नहि लगाओत।

---

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे राष्ट्रीय पात्रता प्रवेश परीक्षा नीट–यूजी दू हजार चौबीस मे प्रश्न पत्र लीक हेबाक कोनो साक्ष्य नहिं भेटल अछि। सरकार परीक्षा मे कोनो तरहक गड़बड़ी के आरोप सँ सेहो इनकार कयलक अछि। नव दिल्ली मे शिक्षा मंत्रालयक कार्यभार सम्हारलाक बाद मीडिया सँ वार्ता करैत श्री धर्मेन्द्र प्रधान छात्र आ अभिभावक लोकनि के आश्वासन देलनि जे केन्द्र हुनका न्याय दिएबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे मामिला सर्वोच्च न्यायालय मे अछि आ परीक्षा के संबंध में शिक्षाविद लोकनिक एक समिति सेहो बनाओल गेल अछि।

---

केन्द्र सरकार अगिला पाँच वर्ष मे देशक रक्षा निर्यात के बढ़ा कऽ पचास हजार करोड़ टाका धरि करबाक लक्ष्य राखलक अछि। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अपन मंत्रायलक कार्यभार ग्रहण कयलाक बाद कहलनि जे देशक रक्षा आ सुरक्षा बल सभक कल्याण सरकारक प्राथमिकता अछि। ओ इहो जनौलनि जे सरकार एक मजगूत आ आत्मनिर्भर भारत विकसित करबाक लेल इच्छुक अछि।

———————————————————————————

रूपौली विधानसभा सीट पर उपचुनावक लेल काल्हि अधिसूचना जारी कयल जायत। एकैस जून धरि नामांकन दाखिल कयल जा सकत आ नामांकन पत्रक जाँच चौबीस जून के होयत। नामांकन आपसी के अंतिम तिथि छब्बीस जून निर्धारित कयल गेल अछि। मतदान दस जुलाई के होयत जखनकि मतगणना तेरह जुलाई के होयत। विदित अछि जे जदयूक विधायक बीमा भारती के त्यागपत्रक बाद एतऽ उपचुनाव कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे बेसी ठाम भीषण गर्मी आ लू चलि रहल अछि। मौसम विभाग आइ पटना, बक्सर, भोजपुर, औरंगाबाद, कैमूर, रोहतास आ अरवल सहित प्रदेशक सात जिला में भीषण गर्मी आ लू के रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, बांका, समस्तीपुर, जमुई आ गया सहित नौ जिला मे किछु ठाम लू के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे चौवालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग औरंगाबाद प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————————————

मुजफ्फरपुर जिला मे आइ एईएस के तीन नव मरीज भेटल अछि। पीड़ित बच्चा सभक ईलाज एसकेएमसीएच मुजफ्फरपुर मे कयल जा रहल अछि। विदित अछि जे एखन धरि कुल उनतीस बच्चा सभक इलाज चलि रहल अछि। जाहि मे मुजफ्फरपुर जिला सँ सोलह मरीज अछि। ओतहि, शेष मरीज पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर वैशाली आ गोपालगंज जिला सँ अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे अनुपस्थित रहऽवला विद्यार्थी लोकनिक नाम आब नहि काटल जायत। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ एहि संबंध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी लोकनि के आदेश जारी कऽ देलनि अछि। एकर अनुसार लगातार तीन दिन धरि कोनो विद्यार्थी के स्कूल नहि अयबाक स्थिति मे शिक्षक द्वारा बच्चा के अभिभावक सँ संपर्क कऽ हुनका स्कूल पठेबाक हेतु प्रेरित करबाक लेल कहल गेल अछि। संगहि, एहि विद्यालय सभ मे बच्चा सभक नामांकन मे बढ़ोतरि के लेल जीविका दीदी के संगहि मुखिया, सरपंच आ पंच सभक मददि लेबाक बात सेहो कहल गेल अछि।

———————————————————————————

भागलपुर स्थित बिहार कृषि विश्वाविद्यालय सबौर मे दू दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय सेमिनारक आयोजन कयल गेल। सेमिनारक उद्घाटन करैत राज्यपाल सह कुलाधिपति राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि जे कृषि आधारित पाठ्यक्रम मात्र क्लासरूम सँ नहि चलाओल जा सकैत अछि अपितु एकर परिणाम जमीनी आधारित हेबाक चाही। श्री आर्लेकर प्राकृतिक खेती पर जोर दैत विद्यार्थी लोकनि सँ कहलनि जे ओ मात्र नौकरी के लेल डिग्री हासिल नहि करथि अपितु नौकरी देबऽवला बनथि। दू दिन धरि चलऽवला एहि सेमिनार के आइ वर्चुअल माध्यम सँ कृषि मंत्री मंगल पांडेय सम्बोधित करैत कहलनि जे आइ बिहार लगातार कृषि क्षेत्र मे आगाँ बढ़ि रहल अछि आ भारत के विकसित राष्ट्र बनेबा मे कृषि क्षेत्र मे अग्रणी भूमिका निबाहि रहल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी प्रखंडक धनौजा गामक पोखरि मे स्नान करबाक दरमियान डूबि गेला सँ तीन बच्चा के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

मधेपुरा जिला मे फराक–फराक थाना क्षेत्र मे भेल सड़क दुर्घटना मे पाँच गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक साहेब कमालपुर थाना क्षेत्र खांइड दियारा मे अपराधी सभ एक मांछ कारोबारी के गोली मारिकऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक रानीगंज थाना क्षेत्रक बरबन्ना हटिया परिसर मे अगिलग्गि के घटना मे लगभग आधा दर्जन दोकान जरिकऽ नष्ट भऽ गेल। अग्निशमन दस्ता द्वारा आगि पर नियंत्रण पाओल गेल।

———————————————————————

समाप्त